# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25जनवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देसवासियन से खास कइ के स्टार्ट–अप उद्यमन में लागल नौजवानन से गुणवत्ता पर जोर दिहले क अपीलि कइले हवें। आजु आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में श्री मोदी कहलें कि भारत क अर्थव्यवस्था तेजी से बिकसित हो रहलि हौ आ पूरा दुनिया क नजरि भारत पर बा। प्रधानमंत्री लोगिन से देस में बनल हर समान के गुणवत्ता में सुधार क संकल्प लिहले क आग्रह कइलें।

***हम जो भी मैन्युफैक्चर कर रहे हैं उसकी क्वालिटी को बेहतर बनाने का संकल्प लें। चाहे हमारे टेक्सटाइल हो, टेक्नोलॉजी हो या फिर इलेक्ट्रॉनिक्स, इवेन पैकेजिंग। इंडियन प्रोडक्ट का मतलब ही बन जाए टॉप क्वालिटी। हम संकल्प लें क्वालिटी में ना कोई कमी होगी ना क्वालिटी से कोई समझौता होगा। और मैंने तो लाल किले से कहा था जीरो डिफेक्ट, जीरो इफेक्ट। ऐसा करके ही हम विकसित भारत की यात्रा को तेजी से आगे ले जा पाएंगे।***

प्रधानमंत्री कहलें कि दस बरिस पहिले जनौरी दुइ हजार सोरह में भारत स्टार्टअप इंडिया क सुभारम्भ के साथे ई महत्वाकांक्षी जतरा सुरू कइले रहलें। उहां के कहलीं कि भारत में आजु दुनिया क तिसरा सबसे बड़हन स्टार्ट–अप ईको सिस्टम बनि चुकल बा।

श्री मोदी मन की बात कार्यक्रम में उत्तर प्रदेस के आजमगढ़ से गुजरे वाली तमसा नदी के पुनरूद्धार क जिकिरि करत कहलें कि ई कार जन–भागीदारी के सफलता क उद्भुत मिसाल हौ।

***तमसा नदी को लोगों ने नया जीवन दिया है। तमसा केवल एक नदी नहीं बल्कि हमारी संस्कृति और आध्यात्मिक विरासत की सजीव धारा है। यह नदी कभी इस क्षेत्र के लोगों के जनजीवन की धुरी हुआ करती थी लेकिन प्रदूषण की वजह से इसकी अविरल धारा में रुकावट आने लगी थी। इसके बाद यहां के लोगों ने इसे एक नया जीवन देने का अभियान शुरू किया और सब के प्रयास से नदी का पुनरुद्धार हो गया।***

प्रधानमंत्री एक पेड़ मां के नाम अभियानो क जिकिरि कइलें। उहां के कहलीं कि येह अभियान में देस में अबले दुइ सौ करोड़ से बेसी पौधा लगावल जा चुकल बा। श्री मोदी देस में नया सांस्कृतिक रूझान क जिकिरि करत कहलें कि भजन आ कीर्तन सदियन से भारतीय संस्कृति क आत्मा रहल हौ। आजु क नौजवान येह भक्तिभाव के आपन अनुभव आ जीवन सैली में सामिल कइले हवें।

**********

आकाशवाणी पर प्रसारित प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क मन की बात कार्यक्रम के आजु प्रदेस भर में सुनल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मथुरा में भारतीय जनता पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन, प्रदेस अध्यक्ष पंकज चौधरी आ कई जनप्रतिनिधियन के साथे मन की बात कार्यक्रम के सुनलें। मन की बात कार्यक्रम में तमसा नदी क पुनरूद्धार क जिकिरि कइल गइले पर मुख्यमंत्री, प्रधानमंत्री के प्रति आभार जतवले हवें।

**********

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु सतहत्तरवां गणतंत्र दिवस के पूर्व संध्या पर आजु राष्ट्र के संबोधित करिहें। ई सम्बोधन अबसे कुछु देर बाद संझा सात बजे से आकाशवाणी के सज्जो राष्ट्रीय चैनलन पर प्रसारित होई। एके दूरदर्शन क सज्जो चैनल पर हिन्दी आ अंगरेजी में प्रसारित कइल जाई। आकाशवाणी अपने क्षेत्रीय चैनलनों पर राति साढ़े नौ बजे से प्रादेसिक भाषा में राष्ट्रपति के सम्बोधन क प्रसारण करी।

**********

पूरा देस आजु राष्ट्रीय मतदाता दिवस मना रहल हौ। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु नई दिल्ली में राष्ट्रीय मतदाता दिवस समारोह क अध्यक्षता कइलिनि। राष्ट्रपति लगतारे चुनाव सुधारन बदे निर्वाचन आयोग के कोसिसन क सराहना करत कहलिनि कि मतदान क अधिकार जेतना महत्पूर्ण बा, ओतने बेसी महत्वपूर्ण ईहो हौ कि लोगि जिम्मेदारी के साथे आपन कर्तव्य समझि के ओट दें। ओहर, मन की बात कार्यक्रम में राष्ट्रीय मतदाता दिवस क जिकिरि करत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें कि मतदान लोकतंत्र क आत्मा हौ।

आकाशवाणी क समाचार सेवा प्रभाग के मतदाता जागरूकता क सर्वश्रेस्ठ अभियान बदे इलेक्ट्रॉनिक रेडियो के श्रेणी में बरिस दुइ हजार पचीस क मीडिया पुरस्कार दीहल गइल। आकाशवाणी क महानिदेसक राजीव कुमार जैन आजु राष्ट्रपति से ई पुरस्कार प्राप्त कइलें।

**********

राष्ट्रीय मतदाता दिवस पर प्रदेस भर में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। राजधानी लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में राज्य क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा मतदाता दिवस के मौका पर आयोजित प्रदर्सनी क सुभारम्भ कइलें। गोरखपुर में मण्डलायुक्त सभागार में आयोजित कार्यक्रम के दौरान अधिकारियन आ करमचारियन के मतदाता सपथ दियावल गइल। अजोध्या में मानव श्रृंखला बना के लोगिन के जागरूक कइल गइल। बस्ती, मऊ, बलिया, चन्दौली, भदोही, अम्बेडकरनगर के सथहीं सज्जो जिलन में कई गो आयोजन के जरिये लोगिन के जागरूक कइ के मतदाता सपथ दियावल गइल।

**********